



## POUKISA W AP RESEVWA YON BRASLÈ ORANJ EPI YO ANKOURAJE W POU W METE L



**METE** braslè oranj la pandan 12 semèn. Li se yon siy pou pwofesyonèl sante yo ak pèsònèl ijans yo, pou yo konnen ou fenk sot akouche.



**SIVEYE** siy avètisman matènèl ijan yo. Gen konplikasyon grav ki ka rive menm jiska yon lane apre akouchman.



**CHÈCHE SWEN** medikal rapid vit si w gen nenpòt sentòm ki bay enkyetid. Sa ka sove lavi w.

### SOU INISYATIV BRASLÈ A NAN ETA A

*Inisyativ Braslè pou Siy Avètisman Matènèl Ijan nan Connecticut fèt pou pwoteje w, pou fasilite yo detekte epi trete pwoblèm grav apre akouchman.*

Lopital nan tout Eta a ap bay paysan yo braslè oranj pou yo mete. Se yon rapèl pou yo siveye siy avètisman matènèl ijan yo epi chèche èd rapid vit si yo parèt.

Eskane QR code la pou jwenn plis enfòmasyon ak resous, oswa ale sou: [cthosp.org/bracelet](https://cthosp.org/bracelet)



## ÈSKE OU TE ANSENT NAN 12 DÈNYE MWA YO?

## FÈ ATANSYON AK SIY AVÈTISMAN SA YO



Maltèt ki pa vle  
pase oswa ki vin  
pi mal ofiramezi



Vètij oswa  
endispozisyon



Chanjman  
nan vizyon ou



Tanperati kò ki rive  
100.4°F (38°C) oswa pi  
wo, oswa 96.8°F (36°C)  
oswa pi ba



Anflamasyon  
estrèm nan men ou  
oswa nan figi ou



Panse pou  
fè tèt ou mal  
oswa tibebe ou an



Pwoblèm  
pou respire



Doulè nan  
pwatrin oswa  
batman kè rapid



Kèplen grav  
ak vomisman



Kriz



Pwoblèm pou pipi  
oswa chanjman  
nan pipi



Anflamasyon grav,  
woujè oswa doulè nan  
janm oswa bra ou



Ensizyon ki pa  
geri



Fatig  
akablan



Senyen, si w ap tranpe yon sèvyèt pa  
èdtan, oswa boul san ki gen gwozè yon ze  
oswa pi gwo

Si w remake youn nan sentòm sa yo apre akouchman, kontakte pwofesyonèl sante w epi chèche èd  
touswit. Si ou pa ka jwenn doktè w la, ale nan yon sèvis ijans oswa rele 911.

Asire w pou w di yo ou te ansent nan 12 dènye mwa yo.



Lis sa a pa gen tout zsentòm ou ka genyen yo.  
Si ou santi gen yon bagay ki pa nòmal, chèche swen medikal.

